Kurarama Nenzira Inofadza Mwari (Chikamu 2)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.

TINOKWANISA HERE KUFADZA MWARI PASINEI NEKUTAMBUDZWA KWATINOITWA NASATANI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vanhu vangati hazviiti?

_____

_____

Nei vamwe vangati zvinoita?

_____

Ko *iwe* unoti kudii?

_____

Nei uchidaro?

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Murume uya akatendeka ainzi Jobho akakwanisa kutsungirira paaitambudzwa naSatani.

(Ona ndima 6-12 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Jobho 1:10, 11.

Chii chakaedza kuitwa naSatani kuti Jobho asaramba achifarirwa naMwari?

Verenga Jobho 1:22; 27:5.

Jobho akaita sei paaitambudzwa naSatani?

Kudzika kunenge kwakaita midzi yemuti ndiko kunotema kuti ucharamba wakamira kwenguva yakareba sei panoitika madutu. Saizvozvowo, kusimba kunenge kwakaita ushamwari hwedu naMwari, ndiko kunotemawo kuti tichakwanisa kutsungirira matambudziko kusvika papi

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Satani anoda kuti urege kushumira Jehovha, asi uchibatsirwa naJehovha, unokwanisa kutsungirira.

(Ona ndima 13-16 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Zvirevo 24:10 uye 1 Petro 5:8.

Tinoziva sei kuti Satani anogona kutirwisa zvinonyatsooneka (zvakadai sepaanoshandisa vamwe vanhu kuti vatitambudze) uye zvisinganyatsooneka (zvakadai sepatinosangana nezvinhu zvinoodza mwoyo) achiedza kuita kuti tirege kuva shamwari dzaMwari?

Verenga Jobho 42:12-17 uye Zvirevo 27:11. (Ona mufananidzo uri panotangira nyaya ino.)

Tinoziva sei kuti Jehovha anofara patinoramba takatendeka kwaari?

Kuziva kuti zvaunosarudza zvinogona kufadza mwoyo waJehovha kunoita kuti unzwe sei?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kana munhu aine matambudziko muupenyu zvinoreva kuti pane zvaakatadza.

UNGANGOMUTI . . .

Vanhu vakawanda vangangobvumirana nemashoko iwayo. Asi ini handidaviri izvozvo nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Sezvo Mwari agara aine simba rakawanda kupfuura vanhu, hapana chatinoita chingamufadza kana kumusuwisa.

UNGANGOMUTI . . .

Ichokwadi kuti Mwari ndiye ane simba rese. Asi ndinodavira kuti *tinogona* kumufadza nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania